

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa téh mangrupa pakakas utama dina kahirupan manusa enggoning komunikasi tur hirup kumbuh jeung sasamana. Basa téh kalintang pentingna sabab manusa moal bisa interaksi jeung manusa séjénna lamun henteu ngagunakeun basa, hakékatna basa mangrupa hiji-hijina media pikeun nepikeun sakabéh pamaksudan manusa kayaning rasa, pikiran, kahayang, eusi haté jeung réa-réa deui.

Numutkeun Sudaryat (2004:7) basa téh hiji sistem anu mibanda subsistem-subsistem di jerona kayaning fonologi (tata sora), gramatika (tata basa), leksikon (tata kecap) jeung semantik (tata harti). Sakabéh aspék éta teu bisa dipisahkeun lantaran dina enas-enasna nya éta pisan nu gumulung ngawangun hiji adegan basa téh. Ku kituna, sakabéh aspék éta téh perlu dicangking ku sakumna jalma nu ngagunakeun basa.

Tujuan pangajaran basa di sakola diantarana nyaéta sangkan murid bisa ngajénan tur ngarasa reueus kana basa jeung sastra Sunda, paham kana basa jeung sastra Sunda (wangun, harti jeung fungsina), sarta mampuh maké basa jeung sastra Sunda kalawan bener tur merenah (Sudaryat, 2007:4). Maké di dinya hartina tangtu sacara lisan jeung tulisan, sedengkeun bener tur merenah hartina bisa maké basa kalawan bener luyu jeung kaédah anu aya tur merenah luyu jeung kontéks situasi.

Tarigan (1994:1) nétélakeun yén kaparigelan basa téh ngawengku opat perkara nyaéta ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis. Kaparigelan nulis téh kalintang pentingna dina kahirupan masarakat ilmiah, hal éta luyu jeung udagan kurikulum hususna dina pangajaran basa, anu meredih siswa sangkan mampuh mibanda kaparigelan basa anu opat éta.

Tujuan pangajaran nulis nyaéta sangkan murid mampuh ngébréhkeun rasa, pikiran, jeung kahayang dina wangun tinulis kalayan bener tur merenah saluyu jeung kaédah-kaédah basa. Kaédah basa di dieu salah sahijina nyaéta éjahan, éjahan mangrupa komponén penting dina hiji bacaan atawa tulisan, merenahna éjahan anu dipaké baris ngagampangkeun tur ngagenahkeun jalma anu maca hiji tulisan. Kasalahan éjahan anu teu sapira tangtu bisa ngabalukarkeun ayana salah tafsir kana hiji kalimah atawa kandaga kecap anu dipaké dina tulisan. Ku kituna, sangkan siswa bisa ngalarapkeun éjahan anu bener, kudu mindeng dilatih ngaliwatan nulis atawa ngarang.

Éjahan téh nyaéta aturan-aturan nuliskeun kecap-kecap salah sahiji basa (KUBS, 2007:117). Éjahan ngawengku aturan makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung ngagunakeun tanda baca. Tarigan (1994:30) ogé nétélakeun yén

Tujuan pengajaran éjahan adalah menolong orang-orang mempelajari kata-kata yang mereka perlukan untuk menulis sebagai orang dewasa dan kata-kata yang diperlukan dalam penyajian karya tulis mereka baik di dalam maupun di luar sekolah.

Novita Nurul Fauziah, 2012
Kamampuh Ngalarapkeun Ejahan Dina Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Nulis naskah biantara mangrupa salah sahiji kaparigelan nu kudu geus dicangking ku murid kelas X lantaran geus aya dina standar kompetensi jeung kompetensi dasar kelas IX. Jadi murid kelas X saenyana geus kudu dianggap mampuh nulis naskah biantara kalawan bener.

Panalungtikan-panalungtikan ngeunaan éjahan anu kacatet di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI diantaranya : (1) *Analisis Éjahan dina Kumpulan Carita Pondok Dongéng Énténg ti Pasantrén pikeun Bahan Pangajaran di SMP* (Lia Marlia, 2000), (2) *Analisis Kasalahan Éjahan dina Karangan Arguméntasi Mahasiswa Tingkat Ahir Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI Taun Ajar 1999/2000* (Nani Haerani, 2000), (3) *Analisis Kasalahan Éjahan dina Karangan Déskripsi Siswa Kelas III SMU Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2004/2005* (Rita Rosita, 2005), (4) *Kasalahan dina Nulis Surat Pribadi Siswa kelas VII SMP Negeri 1 Cibeber Kabupaten Cianjur Taun Ajaran 2004/2005* (Evie Rizki Rahayu, 2006), (5) *Kasalahan Ngagunakeun Vokal Basa Sunda dina karangan Pangalaman Siswa Kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2008/2009* (Eka Novianto, 2009), jeung (6) *Kamampuh Ngalarapkeun Éjahan dina Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung* (Yopa Galih Triani, 2009).

Tétéla, panalungtikan anu ngukur kamampuh siswa SMA dina ngalarapkeun éjahan mah acan aya, sarta réréana panalungtikan anu geus aya ngan ukur nganalisis tingkat kasalahanana. Ku kituna, panalungtikan anu judulna *Kamampuh Ngalarapkeun Éjahan dina Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung* ieu perlu dilaksanakeun.

Novita Nurul Fauziah, 2012
Kamampuh Ngalarapkeun Ejahan Dina Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Ieu panalungtikan téh ngaguar “*Kamampuh Ngalarapkeun Éjahan dina Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung*”. Masalah anu ditalungtikna ngawengku kamampuh makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung ngagunakeun tanda baca.

1.2.2. Rumusan Masalah

Luyu jeung watesan masalah di luhur, masalah nu baris ditalungtik dirumuskeun dina wangun kalimah tanya ieu :

- 1) Kumaha kamampuh makéna aksara dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?
- 2) Kumaha kamampuh nuliskeun aksara dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?
- 3) Kumaha kamampuh nuliskeun kecap dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?
- 4) Kumaha kamampuh nuliskeun unsur serepan dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?
- 5) Kumaha kamampuh ngagunakeun tanda baca dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun kamampuh ngalarapkeun éjahan dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung nu ngawengku:

- 1) Kamampuh makéna aksara dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung.
- 2) Kamampuh nuliskeun aksara dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung.
- 3) Kamampuh nuliskeun kecap dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung.
- 4) Kamampuh nuliskeun unsur serepan dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung.
- 5) Kamampuh ngagunakeun tanda baca dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan kamampuh siswa SMA dina ngalarapkeun éjahan kana wangun tulisan anu ngawengku kamampuh makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, sarta ngagunakeun tanda baca.

1.5 Sistematika Panulisan

Ieu skripsi ngawengku lima bab anu dijerona:

Bab hiji mangrupa bubuka anu dijerona ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, sarta sistematika panulisan skripsi.

Dina *bab dua*, diruntuy ulikan-ulikan téori anu aya patalina jeung judul ieu skripsi nyaéta ngeunaan: (1) éjahan; wangenan éjahan, kamekaran éjahan, jeung palanggeran éjahan basa Sunda, (2) Nulis; wangenan nulis, fungsi jeung tujuan nulis, sarta mangpaat nulis, (3) naskah biantara; wangenan biantara, hakékat biantara, jeung rupa-rupa biantara.

Bab tilu medar perkara métode panalungtikan anu dipaké dina ngagarap ieu panalungtikan, jerona ngawengku: populasi jeung sampel panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, sarta téhnik panalungtikan.

Dina *bab opat*, didadarkeun hasil panalungtikan anu mangrupa kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung.

Bab lima atawa bab pamungkas ngébréhkeun kacindekan tina hasil panlungtikan jeung rékoméndasi.